



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN OKAZYON JOUNEN NASYONAL ENSKRIPSYON ELEKTÈ A, GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO ANKOURAJE TOUT NOUYÒKÈ KI ELIJIB YO ENSKRI POU YO VOTE

"Jounen Eleksyon an se 3 novanm, men pou ou fè yo tandè vwa ou, ou dwe enskri pou ou vote. Nan okazyon Jounen Nasyonal Enskripsyon Elektè (National Voter Registration Day) a, mwen ankouraje tout Nouyòkè ki elijib yo pou yo konfime ke yo enskri oswa si yo poko enskri pou yo fè sa jodi a. Delè pou enskri pou vote nan eleksyon ki ap vini yo se 9 oktòb.

Ou ka enskri pou ou vote anliy atravè Depatman Veyikil ak Motè (Department of Motor Vehicle, DMV) a si ou genyen yon pyès idantite ke Eta a bay oswa, si ou pa genyen, ou kapab enskri pa lapòs oswa nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) la. Pou jèn Nouyòkè nou yo, pa bliye - ou kapab enskri pou vote si ou genyen 17 ane kounye men ou ap genyen 18 ane avan oswa nan dat 3 novanm. Epi pou tout Nouyòkè yo, yon fwa ou enskri, sonje - genyen twa fason pou ou vote ane sa a: vòt pa korespondans, vòt bonè, ak vòt an pèsòn nan Jou Eleksyon an.

Sèl fason ki pi enpòtan pou ou fasone avni Eta sa a ak nasyon sa a se pou egzèsè dwa pou vote ou a. Kounye a plis pase jamè li enpòtan ke nou tout jwe wòl nou an pou nou patisipe nan pwosesis demokratik la".

Fason ak kote pou ou enskri:

- Ou kapab enskri an pèsòn nan [konsèy elektoral konte](#) ou oswa nan nenpòt [sant enskripsyon elektè ki Baze nan Ajans](#) Eta New York.
- Ou gendwa soumèt tou fòm aplikasyon pou elektè ou a nan Depatman Veyikil ak Motè a, oswa an pèsòn oswa sou sitwèb yo a si ou genyen yon idantifikasyon ke DMV a bay.
- Ou kapab [mande yon fòm Enskripsyon Elektè Eta New York pa lapòs](#) lè ou antre non ou dirèkteman nan baz done lis pa lapòs nou an.
- Ou kapab rele liy asistans nou an nan **1-800-FOR-VOTE** pou ou mande yon aplikasyon pou elektè.

Pou enskri pou vote, yon Nouyòkè dwe:

- Se yon sitwayen Peyi Etazini;

- Genyen 18 ane (ou gendwa enskri davans a 16 oswa 17 ane men ou pa ka vote jiskaske ou genyen 18 ane)
- yon rezidan Eta sa a ak konte, vil oswa vilaj pandan omwen 30 jou avan eleksyon an
- Pa nan prizon oswa an libète kondisyonèl akòz kondanasyon pou yon krim (sòf si yo te fè gras ak moun ki an libète kondisyonèl yo oswa yo te restore dwa sitwayen yo).
- Pa gen enkonpetans mantal dapre yon jijman tribinal;
- Pa reklame dwa vote yon lòt kote.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU